

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa, dina nyanghareupan lingkungan miboga sababaraha cara atau model anu sipatna seléktip (*selected behaviour*) saluyu jeung pasualan (*tantangan*) lingkungan anu disanghareupanana. Salah sahiji strategi adaptasi manusa dina ngawasa lingkungan nyaéta ayana strategi dina widang kasehatan. Ieu strategi téh hirup jeung mekar dina raraga manusa nyingkahan jeung ngungkulon panyakit. Sakumaha anu ditétélakeun ku Foster & Anderson (dina Sianipar, spk. 1992, kc. 2) yén dina raraga ngungkulon panyakit, manusa geus ngamekarkeun hiji pangaweruh anu kompléks, ngawengku kapercayaan, téhnik, *peranan*, norma, ajén-inajén, ideologi, sikep, kabiasaan, ritus, jeung lambang (*simbol*) anu sakabéhna silih mangaruhan nepi ka ngajadi hiji kakuatan, ilahar disebut sistim étiologi panyakit (*etiology of illness*).

Ayana sikep nu seléktip mangrupa hiji stratégi adaptasi sosial budaya minangka respon kana *ancaman* hiji panyakit boh nu narajang dirina boh anggota masarakatna. Béda jeung sato, manusa mah moal téga ninggalkeun atawa ngaisolasi salah sahiji anggota masarakatna anu katarajang panyakit. Unggal masarakat miboga sistim kaséhatan anu béda-béda dumasar kana kasang tukang masarakatna sorangan. Sistim kaséhatan mangrupa kumpulan ideu, ajén-inajén, sarta prakték anu kaukur jeung miboga harti anu kacida pentingna, utamana dina konteks kabudayaan dimana éta sistim hirup (Kleinmann dina Sianipar, spk. 1992, kc. 3).

Masarakat Sunda minangka masarakat anu miboga tradisi dina ngungkulon kasakit. Nalika aya masarakatna anu katarajang panyakit, sok gasik diubaran salah sahijina ngaliwatan tradisi *motong munggel*. Ieu tradisi di jerona pinuh ku ajén-inajén, idéologi jeung kabiasaan anu ngajadi hiji kakuatan.

Motong Munggel nyaéta hiji tradisi dina sistim kaséhatan anu kiwari masih dilaksanakeun ku masarakat Sunda utamana nu aya di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya. Ieu tradisi dilaksanakeun nalika aya

masarakatna anu gering atawa katarajang panyakit utamana panyakit katurunan kayaning mengi, jantung, diabétes jeung réa-réa deui. Ayana panyakit jadi lantaran hiji jalma disebut gering. Sawangan masarakat kana bab “gering” miboga konsép anu béda-béda, tapi dina harti saujratna nu disebut gering nyaéta kaayaan jasmani atawa rohani hiji jalma teu saimbang atawa kagangu, lantaran ku ayana karusakan dina organ tubuh boh keuna ku faktor katurunan, wubah panyakit, robahna cuaca (naturalistik) boh aya anu dilantarankeun ku gangguan mahluk goib atawa pagawéan jalma séjén (personalistik). Unggal tradisi dina nyageurkeun panyakit dilaksanakeun dumasar kapercayaan ngeunaan asal-muasal datangna hiji panyakit anu sok disebut *etiology panyakit* (*etiology of illness*). Hal ieu téh dumasar kana pamadegan Foster jeung Anderson (dina Sianipar, spk. 1992, kc. 7), anu ngajéntrékeun yén etiologi panyakit téh dibédakeun jadi dua, nyaéta; (1) *etiologi naturalistik* (ayana gangguan dina fisik anu dilantarankeun ku virus atawa pangaruh lingkungan upamana baé dina usum dangdangrat, nyaéta peralihan ti usum ngijih ka usum halodo, ilaharna disebut musim pancaroba, musim katarajang panyakit atawa usum sasalad), jeung (2) *etiologi personalistik* (panyakit nu aya campur tangan perantara, akibat ayana gangguan lelembut, jin, sétan, jurig, atawa roh séjénna atawa ku pagawéan dukun upamana dina kasus santet jeung teluh).

Motong munggel diwangun ku dua kecap nyaéta *motong* jeung *munggel*. Danadibrata (2009, kc. 542) kecap *motong* asalna tina *potong* anu hartina teu nyambung deui sakumaha mistina kana naon-naon anu ngaleunjeur. Sedengkeun kecap *punggel*, *munggel* nyaéta kecap pagawéan motong (ku pakarang) tangkal nu nangtung kénéh kira-kira di tengah-tengahna; nuar tangkal cau supaya turuyanana ulah ruksak kudu dipunggel heula nuarna; nuar tatangkalan jangkung di pipir imah (Danadibrata, 2009, kc. 549). Patalina jeung tradisi *motong munggel* saluyu jeung tujuan dilaksanakeunana éta tradisi, nyaéta munggel panyakit hiji jalma sangkan heunteu karasa deui jeung henteu ngaruksak (nular) ka turunanana. Jadi maksudna, panyakit nu narajang geus cukup nepi ka dieu, teu papanjangan ngarasakeun éta panyakit.

Tradisi *motong munggel* nu kapanggih di éta masarakat henteu leupas tina pangaruh Islam. Lian ti Sunda raket patalina jeung Islam, ieu masarakat ogé sacara geografis aya di lingkungan pasantréan anu moal leupas tina ajaran Islam. Dina ngalaksanakeun hiji tradisi moal leupas tina pangaruh Islam boh éta dina pamikiran masarakatna sorangan atawa dina prak-prakan ngalaksankeun hiji tradisi.

Kiwari tradisi *motong munggel* méh teu dipikawanoh ku masarakat, boh mikawanoh kana wangun tradisina boh kana ajén-inajén anu nyampak dina éta tradisi. Lian ti éta, palaku aktif anu bisa ngalaksanakeun *motong munggel* beuki ngurangan, padahal ieu tradisi kawilang arang aya di masarakat sarta miboga ajén-inajén anu luhung. Kurangna kasadaran masarakat kana budaya jadi marga lantaran leungitna pangaweruh kabudayaan di masarakat. Kitu deui sikep masarakat Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya dina ngajaga, ngariksa jeung ngamumulé tradisi *motong munggel*, padahal hiji tradisi anu hirup mangrupa titinggal atawa warisan karuhun anu kudu dipiara babarengan. Salian ti éta dilaksanakeunana ieu tradisi téh mangrupa ébréhan rasa sukur masarakat ku dipaparinna umur jeung kaséhatan ku Alloh swt. Leungitna hiji tradisi sacara otomatis ngurangan asét budaya anu dipiboga ku bangsa jeung nagara.

Ku diayakeunana ieu panalungtikan, nu nalungtik miharep bisa ngawanohkeun deui tradisi *motong munggel* ka masarakat umum, utamana masarakat Sunda. Ieu hasil panalungtikan anu mangrupa karya tulis ilmiah dipiharep bisa dijadikeun data sangkan tradisi *motong munggel* terus dipikawanoh ku masarakat tur henteu tumpur. Salian ti éta, dipiharep sangkan para nonoman bisa leuwih wanoh, nyaah, resep, jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhun tur weruh kana ajén-inajén anu nyangkaruk dina éta tradisi.

Pikeun ngawanohkeun tradisi *motong munggel* sangkan teu tumpur, salah sahijina nyaéta ngaliwaan atikan. Atikan téh miboga fungsi anu kacida pentingna pikeun ngawariskeun ajén-inajén budaya ti hiji generasi ka generasi sapandurieunana. Atikan téh, hususna pangajaran budaya, mangrupa usaha kalawan sadar pikeun ngudag

tujuan anu dipuseurkeun kana robahna tingkah laku siswa (Kosasih, 1989, kc. 1). Dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat nomor: 69 taun 2013 ngeunaan *pembelajaran muatan lokal bahasa dan sastra daerah pada jenjang satuan pendidikan dasar dan menengah* ayana Kurikulum nu ngawengku Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD), hususna di kelas XII SMA diajarkeun perkara maca artikel.

Maca nyaéta salah sahiji aspek dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Tampubolon (2015, kc. 5) nu nyebutkeun yén maca nyaéta salah sahiji aspek tina opat kaparigelan basa jeung mangrupa hiji bagian atawa komponén tina komunikasi tinulis.

Peran guru jeung siswa dina prosés pangajaran kacida pentingna. Guru salaku subyék dina prosés pangajaran boga peran jeung fungsi dina ngirut siswa sangkan mikareueus, ngariksa, sarta ngamumulé kabudayaan. Tujuanana sangkan siswa mibanda sikep anu positif. Salian ti éta tujuan pangajaran bisa kahontal lamun guru parigel milih bahan pangajaran, parigel milih jeung nganalisis buku sumber nu luyu jeung tujuan pangajaran, jeung guru bisa nangtukeun tingkat kamampuh siswa luyu jeung waktu nu disadiakeun.

Panalungtikan-panalungtikan saméméhna ngeunaan hiji tradisi anu hasilna dijieu alternatif pikeun bahan pangajaran geus réa dilaksanakeun, diantarana; “Tradisi Ngaseuk di Kampung Adat Sinaresmi Désa Sinaresmi Kacamatan Cisolok Kabupaten Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA (Tilikan Struktural)” (Erin Pebrianti, 2014), “Ulikan Struktural Sémiotik dina Tradisi Babarit di Kampung Cibenda Kacamatan Banjarsari Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di kelas XII SMA” (Reni Anggraeni, 2014), “Unsur Sémiotik dina Tradisi Ngikis di Désa Karangkamulyaan Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di kelas XII SMA” (Heryani Isman R, 2015), jeung “Tradisi Hajat Bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulikan Sémiotik)” (Encep Nurhidayat, 2016). Tapi nepi ka kiwari can aya nu maluruh ngeunaan tradisi *motong munggel*. Padahal ieu tradisi kawilang hadé jeung miboga ajén-inajén anu luhung sarta

mangrupa aset budaya anu kudu dimumulé. Lian ti éta hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun karya tulis ngeunaan kabudayaan sarta bisa dipaké bahan pangajaran sangkan tradisi anu ditalungtik bisa dipikawanoh ku masarakat umum jeung para nonoman utaman nu aya di lembaga atikan formal (sakola) ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “*Tradisi Motong Munggel di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupaten Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di kelas XII SMA (Ulikan Sémiotik)*”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana pedaran di luhur, diayakeunana ieu panalungtikan henteu leupas tina sababaraha masalah anu kapanggih. Sangkan puguh jujutanana, rumusan masalah anu rék dipedar dina ieu panalungtikan sakumaha kauger dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi ngeunaan tradisi *motong munggel* di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupaten Tasikmalaya?
- 2) Unsur sémiotik naon waé anu nyangkaruk dina tradisi *motong munggel* di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupaten Tasikmalaya?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara umum sarta husus nyaéta.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta minangka salah sahiji tarékah dina maluruh, ngamumulé jeung ngadokumentasikeun kabudayaan, hususna ngeunaan tradisi *motong munggel* nu aya di Kampung Sindangjaya Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupaten Tasikmalaya pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nyaéta ngadéskripsiikeun ngeunaan:

- 1) Tradisi *motong munggel* di Désa jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya;
- 2) Unsur sémiotik anu nyangkaruk dina tradisi *motong munggel* di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya;
- 3) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspek, nyaéta: 1) mangpaat tina segi tioritis, 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat tina segi praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat tina Segi Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta ayana sumbangsi pikeun nambahán élmu pangaweruh ngeunaan kabudayaan, hususna tradisi *motong munggel* anu méh tumpur ti masarakat. Ieu hasil panalungtikan bisa dipaké dina atikan widang kabudayaan, utamana nu aya patalina jeung kabudayaan Sunda.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi anu hadé keur pamaréntah dina raraga ngadokuméntasikeun hiji tradisi nu hirup di masarakat. Lian ti éta ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran utamana pangajaran maca di kelas XII SMA.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak.

1. Panalungtik, mangrupa *input* enggoning ngadéskripsiikeun tradisi *motong munggel*.
2. Guru, ieu hasil panalungtikan bisa dipaké alternatif bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

3. Mahasiswa sastra Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun literatur pikeun nambahana pangaweruh ngeunaan kabudayaan jeung tradisi.
4. Masarakat, ngaliwatan ieu panalungtikan bisa ngaguar deui kabudayan nu hirup di masarakat sarta ayana tarékah sangkan bisa ngajaka, ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan.

1.4.4 Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta pangaweruh ka masarakat sangkan bisa ngariksa, ngajaga jeung ngamumulé tradisi anu geus hirup di masarakat.

1.5 Sistimatika Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Anapon sistimatika penulisan ieu panalungtikan nyaéta:

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi dua nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta sistimatika tulisan.

Bab II ngawengku tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori nu ngadadasaran dina BAB II gé kudu aya pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan nu dilaksanakeun.

Bab III ngawengku métode panalungtikan nu diwincik deui jadi Désain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina BAB II.

Bab V eusina ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan,

ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.